

Ou kapab kalifye pou asistans pou peye Prim Medicare ou a

Dat:

Chè _____:

Dènyèman an ou te aplike nan Social Security Administration (Administrasyon Sekirite Sosyal) pou Èd Anplis ak pwoteksyon medikaman ak preskripsyon Medicare Pati D ou an. Lè sa a, ou te dakò pou voye aplikasyon ou bay biwo Medicaid Eta New York la pou yo evalue ou wè si yo kapab ba ou èd pou peye depans Medicare ou grasa Medicare Savings Program (Pwogram Ekonomi Medicare) la. Pwogram Ekonomi Medicare la se yon avantaj yo bay nan Biwo Medicaid la.

Pou nou kapab detèmine si ou kalifye pou avantaj sa a, nou bezwen plis enfòmasyon nan men ou:

Etap 1: Tanpri ranpli fòm “Demann Pou Enfòmasyon” ki vini ak lèt sa a.

Etap 2: Fè yon fotokopi devan ak dèyè kat Medicare ou a (kat wouj, blan, ak ble a).

Etap 3: Rasanble prèv revni, tankou souch chèk, yon lèt konpayi w ap travay la, deklarasyon taks sou revni, yon lèt ki di y ap ba ou avantaj revni ou pa te resevwa nan travay tankou alokasyon chomaj, yon avantaj pou veteran, oswa yon lèt nan men moun k ap lwe, ki rete lakay ou, oswa yon lokatè. Tanpri bay prèv revni mari/madanm ou si w ap viv ak li (menm si li p ap aplike).

Etap 4: Rasanble prèv nenpòt prim asirans sante ou peye ki pa prim Medicare. Prèv prim yo kapab yon lèt travay ou, etadkont prim nan, oswa souch chèk. Nou kapab retire montan lajan lòt prim ou peye yo sou revni ou nou konte a epi sa kapab ede ou kalifye pou Pwogram Ekonomi Medicare la.

Etap 5: Si ou pa yon sitwayen ameriken, tanpri rasanble kopi dokiman ki endike sityasyon imigrasyon ou nan moman an.

Etap 6: Retounen aplikasyon an ki ranpli nèt, siyen, epi mete dat la ansanm ak kopi dokiman yo nou te endike anlè yo nan anvlòp ki vini ak lèt sa a.

Tanpri voye li retounen avan _____.

Si nou pa resevwa enfòmasyon nou mande yo, ou gendwa pa kapab resevwa avantaj yo nan Pwogram Ekonomi Medicare la epi nou pral voye yon avi ba ou pou fè ou konnen ou pa kalifye pou Pwogram Ekonomi Medicare la.

Ou kapab itilize fòm “Demann Pou Enfòmasyon” ki vini ak lèt sa ap pou mande nou konsidere si ou ka resevwa avantaj konplè Medicaid yo. Si ou tcheke “wi” pou kesyon sa a sou fòm nan, nou pral voye w yon pake aplikasyon apa pou ou ka aplike pou avantaj Medicaid yo.

Si ou bezwen èd ak fòm sa a, ou kapab kontakte biwo Medicaid ki endike anlè a oswa kontakte Pwogram Konsèy ak Asistans pou Enfòmasyon Asirans Sante a (Health Insurance Information Counseling & Assistance Program, HIICAP) nan 1-800-701-0501. Moun ki itilize TTY yo sipoze rele 1-877-486-2048.